



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 05/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO ATENN YON GWO ETAP ENPÒTAN NAN PWOJÈ SOU AKS WOUTYE NÒ-SID UTICA (UTICA NORTH-SOUTH ARTERIAL)

Aks Woutye a Pral Reouvri Toule Kat Liy Sikilasyon yo Demen Maten

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon gwo etap enpòtan nan pwojè 66.5 milyon dola pou rekonstwi Aks Woutye Nò-Sid Utica (Utica North-South Arterial) ki nan vil Utica, Konte Oneida. Aks Woutye a pral reouvri toule kat liy sikilasyon yo demen maten, ki gen ladan ranp yo te rekonstwi ki te soti nan Oriskany Street (Route 5A) rive sou Wout 5, 8, ak 12 Sid yo.

Gouvènè Cuomo te di: “Utica rive fè yon pa pi pwòch pou fini pwojè enfrastrikti enpòtan sa a, k ap konekte rezidan ak vwayajè yo ak anpil biznis k ap agrandi epi founi yon vwayaj ki pi an sekirite, ki pi efikas pou tout vwayajè yo. Sa se yon lòt egzanp ankò ki montre angajman New York pran pou l ranfòse otowout yo ak pon ki nan eta sa a poutèt pou ede asire otowout nou yo pi vyab ak fyab pou anpil ane k ap vini ankò.”

Pou rekonstwi Aks Woutye Nò-Sid Utica a (Utica North-South Arterial), yon liy ki prale vè lenò (northbound) epi yon liy vè lesid (southbound) te fèmen pandan konstwiksyon an. Dènye etap enpòtan sa a pral pèmèt ranp pou rantre sou Oriskany Street la ak kat Aks Woutye sou otowout la yo pou reouvri yo pou vwayajè ak moun ki pral nan travay yo, pou soulaje sikilasyon ale vini nan vil Utica.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la (New York State Department of Transportation), Matthew J. Driscoll te di: “Lè yo reouvri tout liy sou Aks Woutye Nò-Sid la, sa mennen nou nan yon etap pi pwòch pou nou reyalize yon otowout ki pi an sekirite, pi modèn nan Utica. Lè nou amelyore aksè ak mobilite atravè vil la, nou ap travay pou nou asire rezo transpò pou sipòte angajman Gouvènè Cuomo pran pou rann li fasil pou biznis yo fleri epi pwospere nan Eta New York la.”

Sou Court Street la, gen yon liy nan chak direksyon nan ranp sou Aks Woutye Court Street la ki pral rete fèmen atravè prentan k ap vini an, pandan n ap kontinye travay pou nou rekonstwi, entèchanj Court Street la.

Anplis de sa a, ap gen yon echanj iben yon sèl pwen (Single Point Urban Interchange) y ap konstwi pou amelyore sekirite vwayajè yo lè yo ajoute ladan yon seri limyè siyalizasyon pou otomobilis yo k ap soti ak antre nan Aks Woutye yo.

Pwojè a te kòmanse an 2014 epi yo atann pou l fini an ete 2017. Pwojè a gen ladan l konstriksyon yon pon pou mentni sikilasyon sou wout lokal yo, rekonstriksyon entèchanj Court Street la epi ranplase pon ki fè Aks Woutye a pase sou ri Columbia, Lafayette ak Oriskany streets. Yo te konstwi yon pon sou Aks Woutye a ki te fini epi ouvri an 2014.

Senatè Joseph Griffo te di: “Amelyorasyon enfrasitrikti k ap fèt atravè tout eta sa yo se egzakteman jan de pwojè sa yo kominote nou yo bezwen pou yo kontinye estimile ekonomi yo vè lavan. Pwojè konstriksyon Aks Woutye Utica a (Utica Arterial) pral asire vwayajè yo fè vwayaj yo an tout sekirite lè y ap antre ak soti nan vil la epi soulaje maltèt blokis la pandan rezidan Konte Oneida k ap travay di sa yo pral nan travay chak jou. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske l fè envestisman enpòtan sa yo epi l ap konstwi yon fondasyon ki pi solid pou avni rejyon an.”

Manm Asanble Anthony Brindisi te di: “Pwojè k ap fèt sou Aks Woutye a te sèvi kòm modèl pou montre kijan pou nou modènize transpò sou yon Aks Woutye prensipal. Depatman Transpò a te angaje kominote yo nan tout faz pwojè sa a. Mwen remèsye manm kominote a yo pou pasyans yo. Avèk pifò nan pwojè sa a ki deja fini kounye a, mwen kwè chofè yo pral apresye kijan Aks Woutye a byen konekte zòn ozalantou li yo, sa ki pral amelyore vizibilite ak sekirite pou moun k ap itilize yo l la yo. Otowout sa y ap rekonstwi a pral benefisye ekonomi Mohawk Valley an anpil.”

Egzekitif Konte Oneida, Anthony J. Picente te di: “Aks Woutye Nò-Sid la se yon gwo wout prensipal ki pase atravè Utica epi nou kontan anpil li pral gen tout liy sikilasyon yo reouvri pwochènman. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak Depatman Transpò a pou travay rapid yo te fè yo ak dedikasyon yo gen pou wout ak pon nan Mohawk Valley yo.”

Majistra Utica, Robert Palmieri te di: “Atravè pwojè tankou Aks Woutye Nò-Sid la, Gouvènè Cuomo te ede amelyore enfrasitrikti ak kalite lavi nan Vil Utica. Pwojè sa a senbolize renesans k ap fèt atravè tout Utica, epi mwen remèsye Gouvènè a ak pèsònèl Depatman Transpò a yo pou angajman yo te pran ak envestisman yo te fè pou rann vwayaj nan Utica vin efikas ak pi an sekirite.”

Konstriksyon nan Court Street la ak sou Aks Woutye a ap kontinye epi nou raple otomobilis yo pou yo prete atansyon epi kondi ak prekosyon nan zòn travay yo.

Pou jwenn enfòmasyon sou vwayaj antan reyèl, rele 511 oswa vizite www.511NY.org. W ap jwenn plis enfòmasyon sou pwojè Aks Woutye Nò-Sid la (North South Arterial project) sou Facebook nan [Facebook.com/Utica.north.south.arterial](https://www.facebook.com/Utica.north.south.arterial) ak sou Twitter nan [@NYS DOT Utica](https://twitter.com/NYS DOT Utica).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418